



Rezilta SHSAT yo disponib!

Chè fanmi,

Rezilta yo disponib kounye a pou elèv ki te pran Egzamen Admisyon Lekòl Segondè Espesyalize (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT) a an desanm 2021! Kòm yon rapèl, pran egzamen sa a se fason elèv aplike pou uit lekòl segondè espesyalize yo.

Si pitit ou a te pran SHSAT a, ou ka jwenn rezilta yo sou entènèt kounye a nan [MySchools.nyc](https://myschools.nyc.gov) oswa nan men konseye lekòl ou a; si w pa t chwazi “Just email me” (Jis voye yon imèl pou mwen) nan MySchools, ou pral resevwa yon lèt rezilta pa lapòs tou.

Rezilta ak òf

1. Rezilta pitit ou a pral gen ladan nòt SHSAT pitit ou a.
2. Rezilta pitit ou a **ka** gen ladan jiska yon òf pou yon [Lekòl Segondè Espesyalize ki bay egzamen](#). Se pa tout elèv ki te pran SHSAT a ki pral jwenn yon òf nan yon Lekòl Segondè Espesyalize ki bay egzamen, epi Lekòl Segondè Espesyalize yo pa gen lisdatant.

Si pitit ou a te jwenn yon òf nan yon Lekòl Segondè Espesyalize, **pa gen anyen ou bezwen fè kounye a pou aksepte li.**

Pwochen etap

An jen, òf lekòl segondè yo pral disponib.

- Lèt òf lekòl segondè pitit ou a pral gen ladan jiska yon òf nan pwosesis aplikasyon lekòl segondè a, tout enfòmasyon sou lisdatant, ak rezilta LaGuardia High School (si pitit ou a te fè odisyon).
- Si pitit ou a resevwa yon òf nan yon pwogram ki sou aplikasyon li *ak* yon òf nan yon Lekòl Segondè Espesyalize, lèt òf l ap resevwa an jen an pral gen ladan yon delè pou chwazi **youn** nan òf sa yo.
- Si pitit ou a pral kite lekòl leta Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou ale nan yon lekòl charter, yon lekòl prive/pawasyal, oswa yon lekòl andeyò Vil Nouyòk k apati septanm 2022, ou ka refize (“opt out”) **apre** lèt òf lekòl segondè yo vin disponib.

Èske w gen kesyon sou rezilta pitit ou a?

- Aprann kòman elèv yo jwenn òf nan uit Lekòl Segondè Espesyalize yo nan [videyo sa a](#).
- Pale avèk konseye pedagogik lekòl pitit ou a ye a kounye a.
- Kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(FWC\)](#)
- Gade videyo nou yo epi jwenn plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/SHS

Mèsi!

Ekip admisyon lekòl segondè a

Biwo enskripsyon elèv